ZORI_ISLAMA WWW. ZORI-ISLAMA.COM 15 октябрь 2026 год № 19 (611)


ИСЛАМАН ЗIАЬНАРШ

РЕСПУБЛИКАНСКАЯ РЕЛИГИОЗНО-ПРОСВЕТИТЕЛЬСКАЯ ГАЗЕТА «ЗОРИ ИСЛАМА»

ВЫХОДИТ С 6-ГО НОЯБРЯ 1990 ГОДА

ПЕРВАЯ РЕЛИГИОЗНО-ПРОСВЕТИТЕЛЬСКАЯ ГАЗЕТА В СССР

ОРДЕН «ЗА ЗАСЛУГИ ПЕРЕД УММОЙ» 1 СТЕПЕНИ



С ПРАЗДНИКОМ, МОЙ РОДНОЙ ГРОЗНЫЙ!

5 ОКТЯБРЯ ЧЕЧЕНСКАЯ РЕСПУБЛИКА ОТМЕТИЛА 208-ЛЕТИЕ СВОЕЙ СТОЛИЦЫ, ГОРОДА ГРОЗНОГО. ЭТОТ МЕГАПОЛИС, ПЕРЕЖИВШИЙ МНОГОЧИСЛЕННЫЕ ИСТОРИЧЕСКИЕ ПОТРЯСЕНИЯ, НЫНЕ ПРЕДСТАВЛЯЕТ СОБОЙ ОДИН ИЗ НАИБОЛЕЕ БЕЗОПАСНЫХ, ЭКОЛОГИЧЕСКИ ЧИСТЫХ И ДИНАМИЧНО РАЗВИВАЮЩИХСЯ ЦЕНТРОВ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ.

Грозный, некогда полностью разрушенный в ходе боевых действий, ныне демонстрирует впечатляющий прогресс в урбанистическом развитии. Современный Грозный характеризуется наличием современной высотной застройки, высокоразвитой транспортной и социальной инфраструктурой, а также богатым архитектурным наследием, включающим в себя культовые сооружения, такие как мечети, и рекреационные зоны, такие как парки.

Данный прогресс является результатом реализации стратегического курса, инициированного первым президентом Чеченской Республики Ахматом-Хаджи Кадыровым, и дальнейшего развития, осуществляемого под руководством действующего главы республики Рамзана-Хаджи Кадырова. Благодаря их усилиям, Грозный не только восстановил свою инфраструктуру, но и значительно улучшил качество жизни своих жителей.

В этот знаменательный день мы выражаем искренние поздравления всем жителям и гостям столицы. Желаем Грозному дальнейшего процветания, устойчивого социально-экономического развития и укрепления его позиций как одного из ключевых центров Северного Кавказа и России в целом. Пусть город продолжает привлекать внимание и восхищение людей со всего мира, демонстрируя своим примером возможности гармоничного сочетания традиций и современности.



Макка Халидова

В ГРОЗНОМ ПРОШЛО ТОРЖЕСТВЕННОЕ СОБЫТИЕ, ПОСВЯЩЕННОЕ ДНЮ МОЛОДЁЖИ ЧЕЧЕНСКОЙ РЕСПУБЛИКИ

В ГРОЗНОМ СОСТОЯЛОСЬ ТОРЖЕСТВЕННОЕ МЕРОПРИЯТИЕ, ПРИУРОЧЕННОЕ К ПРАЗДНОВАНИЮ ДНЯ МОЛОДЁЖИ ЧЕЧЕНСКОЙ РЕСПУБЛИКИ, КОТОРОЕ ПРОШЛО ВО ДВОРЦЕ ТОРЖЕСТВ ИМЕНИ ДАГУНА ОМАЕВА. ГЛАВА РЕСПУБЛИКИ РАМЗАН КАДЫРОВ ВЫСТУПИЛ С ПРИВЕТСТВЕННЫМ СЛОВОМ, ПОДЧЕРКНУВ ЗНАЧИМОСТЬ МОЛОДЁЖИ КАК КЛЮЧЕВОЙ СИЛЫ, ФОРМИРУЮЩЕЙ БУДУЩЕЕ РЕГИОНА.



Кадыров акцентировал внимание на важности создания условий для всестороннего развития молодых людей, их образования, воспитания и формирования чувства ответственности. Он отметил, что молодёжь является не только носителем инновационных идей, но и активным участником социально-экономического прогресса региона.

В рамках празднования состоялось награждение выдающихся деятелей молодёжной сферы. Министр Чеченской Республики по делам молодёжи Рамзан Висмурадов был удостоен звания «Герой Чеченской Республики», что свидетельствует о его значительном вкладе в развитие региона и поддержку молодёжных инициатив. Кроме того, были вручены Почётные грамоты и Благодарственные письма другим представителям молодёжной сферы, чья деятельность способствует укреплению социальной стабильности и развитию человеческого капитала республики.

Таким образом, данное мероприятие стало важным событием, направленным на признание и поощрение достижений молодёжи, а также на укрепление её роли в социально-экономическом развитии Чеченской Республики.

Макка Халидова

ТАХАНА ПОЬМАРЕХЬ

2-гIа агIо

НАХА ХОЬТТУ – ХОЖ-АХЬМАДА ДУЬЙЦУ

«Шайн веллачун коша тIе воьдуш, йа иза тодан воьдуш, боьршачу стага а, зудчо а лардан дезарг а, цара тидам тIе бахийта дезарг а хIун ду?

Каш тIе вахар зийарт ду аьлла вайн Элчано (I.с.в.с.). Цига ваханчо хIун дан деза а билгалдина цо. Дийна волуш, ша цунна гергахуьлучу барамехь хилла лерам, велла волуш а, хила беза цуьнца. Дийна волуш, шен цуьнца хиллачу лерамел соввийла а ца веза и, цунна хьурмат дан гIертарехь. И муха ду? Кошан барзана тIеветтавалар а, чуьртах хьерчаш велхар а. Уьш лело оьшуш дац.

Кешнашка воьдуш, ламаз а эцна, хьурмате а волуш, оцу веллачунна, хьуна и ца гахь а, хьо цунна гой а хууш, хьайн къамел цунна хезаш хиларх тешна а волуш, иштта цуьнца лераме хила веза. Цига дIаккхаьчча, кошан барзана гергахь саца а сецна, деша хаахь, Къуръан а дешна, ца хаахь, салават а диллина йа къулхIа дешна, йа зукар дина, шен ойла тайина, шен веллачун гечдар доьхуш, доIа дер цо. Къаьсттана, лардан дезарг шен дегIа тIехь тамбоцу духар ду.

Веллачунна тIевахарца хIун лаха дезаш ду аьлча, валар дагадаийтар ду. Ша валар дагадоуьтуш волчу стага шен некъана терза хIоттор ду, хIара дика дерг ду-те соьца йа хIара вуон дерг ду-те соьца, аьлла. Вуониг дIадаккха деза. И велларг санна, ша а лийр ма ву аьлла, и валар цунна дагадаийта, вайна суннат дина кешнашка дахар. Къаьсттана зударийн духарх аьлча, шен бусалба динехь долчу духарца, хила ма-йеззара, оцу кешнашка йоьдучу заманчохь IатIар доцуш, шен Iоврат дIа а хьулдина, зудчо шен веллачун коша тIехь Къуръан деша а, доIа дан а мегар ду...»

3-гIа агIо

БЕСПЛАТНОЕ ТАКСИ В СВЯЩЕННОМ МЕСЯЦЕ РАМАДАН

«ВОЛОНТЁРСКИЙ ШТАБ «ИМРАН» – ЭТО НЕКОММЕРЧЕСКАЯ ИНИЦИАТИВА В ЧЕЧЕНСКОЙ РЕСПУБЛИКЕ, КОТОРАЯ ОРГАНИЗУЕТ БЕСПЛАТНЫЕ ПОЕЗДКИ НА ТАКСИ ДЛЯ НУЖДАЮЩИХСЯ В ПЕРИОД СВЯЩЕННОГО МЕСЯЦА РАМАДАН.

Акция впервые стартовала в 2019 году. Её инициатором является помощник председателя Общественной палаты ЧР и сотрудник Государственного управления по кинематографии Министерства культуры ЧР Мовсар Ибрагимов.

В первый день он развозил людей один, но после объявления о старте проекта на следующий день к нему присоединились пять водителей.

Название «Имран» движение получило позже – в честь одного из первых участников, оператора ТРК «Путь» Имрана Абазаева, который скончался из-за болезни.

Волонтёры на безвозмездной основе предоставляют автомобили для поездок. В основном помощь направлена на малоимущих граждан, людей без личного транспорта и лиц с инвалидностью. Однако запросы о помощи принимаются от всех без исключения.

Водители подбирают пассажиров с городских остановок – пенсионеров, студентов, женщин с детьми. Машина подаётся в течение 15 минут в любую точку города.

От водителей требуется наличие личного автомобиля и водительский стаж не менее трёх лет...»

4-гIа агIо

КАК СОХРАНИТЬ ГАРМОНИЮ В ОТНОШЕНИЯХ МЕЖДУ НЕВЕСТКОЙ И СВЕКРОВЬЮ?

«КОНФЛИКТЫ МЕЖДУ НЕВЕСТКОЙ И СВЕКРОВЬЮ – ЧАСТАЯ ПРИЧИНА КОНФЛИКТОВ В СЕМЕЙНОЙ ЖИЗНИ. ИСЛАМ ОДНОЗНАЧНО И СТРОГО ОСУЖДАЕТ ВМЕШАТЕЛЬСТВО ТРЕТЬИХ ЛИЦ В ОТНОШЕНИЯ СУПРУГОВ, НЕЗАВИСИМО ОТ ТОГО, КЕМ ЯВЛЯЮТСЯ ЭТИ ЛИЦА – РОДИТЕЛЯМИ, РОДСТВЕННИКАМИ ИЛИ ПОСТОРОННИМИ ЛЮДЬМИ. ПРОРОК (ДА БЛАГОСЛОВИТ ЕГО АЛЛАХ И ПРИВЕТСТВУЕТ) ГОВОРИЛ О ТЕХ, КТО НАСТРАИВАЕТ ЖЕНУ ПРОТИВ МУЖА ИЛИ ПОДСТРЕКАЕТ К РАЗВОДУ: «НЕ ИЗ НАС ТОТ, КТО НАСТРАИВАЕТ ЖЕНЩИНУ ПРОТИВ ЕЁ МУЖА» (АБУ ДАУД).

Аллах в Коране призывает верующих беречь семейные узы (смысл):

«И ИЗ ЕГО ЗНАМЕНИЙ – ТО, ЧТО ОН СОТВОРИЛ ДЛЯ ВАС ЖЕН ИЗ ВАС САМИХ, ЧТОБЫ ВЫ НАХОДИЛИ В НИХ ПОКОЙ. ОН УСТАНОВИЛ МЕЖДУ ВАМИ ЛЮБОВЬ И МИЛОСЕРДИЕ. ПОИСТИНЕ, В ЭТОМ – ЗНАМЕНИЯ ДЛЯ ЛЮДЕЙ РАЗМЫШЛЯЮЩИХ» (АР-РУМ, 21)...»

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

НАХА ХОЬТТУ – ХОЖ-АХЬМАДА ДУЬЙЦУ

Шайн веллачун коша тIе воьдуш, йа иза тодан воьдуш, боьршачу стага а, зудчо а лардан дезарг а, цара тидам тIе бахийта дезарг а хIун ду?



Каш тIе вахар зийарт ду аьлла вайн Элчано (I.с.в.с.). Цига ваханчо хIун дан деза а билгалдина цо. Дийна волуш, ша цунна гергахуьлучу барамехь хилла лерам, велла волуш а, хила беза цуьнца. Дийна волуш, шен цуьнца хиллачу лерамел соввийла а ца веза и, цунна хьурмат дан гIертарехь. И муха ду? Кошан барзана тIеветтавалар а, чуьртах хьерчаш велхар а. Уьш лело оьшуш дац.

Кешнашка воьдуш, ламаз а эцна, хьурмате а волуш, оцу веллачунна, хьуна и ца гахь а, хьо цунна гой а хууш, хьайн къамел цунна хезаш хиларх тешна а волуш, иштта цуьнца лераме хила веза. Цига дIаккхаьчча, кошан барзана гергахь саца а сецна, деша хаахь, Къуръан а дешна, ца хаахь, салават а диллина йа къулхIа дешна, йа зукар дина, шен ойла тайина, шен веллачун гечдар доьхуш, доIа дер цо. Къаьсттана, лардан дезарг шен дегIа тIехь тамбоцу духар ду.

Веллачунна тIевахарца хIун лаха дезаш ду аьлча, валар дагадаийтар ду. Ша валар дагадоуьтуш волчу стага шен некъана терза хIоттор ду, хIара дика дерг ду-те соьца йа хIара вуон дерг ду-те соьца, аьлла. Вуоног дIадаккха деза. И велларг санна, ша а лийр ма ву аьлла, и валар цунна дагадаийта, вайна суннат дина кешнашка дахар. Къаьсттана зударийн духарх аьлча, шен бусалба динехь долчу духарца, хила ма-йеззара, оцу кешнашка йоьдучу заманчохь IатIар доцуш, шен Iоврат дIа а хьулдина, зудчо шен веллачун коша тIехь Къуръан деша а, доIа дан а мегар ду.

Барза тIера буц дIайаха мегар дац. Оцу бецо тасбихь до, оцу веллачунна пайдехь ду и. Кир тоха а, цу тIехь поппар хьаха а бакъо йолуш дац шариIатехь. Оцу веллачунна доIа дар ду вайна тIехь, Делан къинхетаме са а туьйсуш. Везачу Дала хьакъ-долу хьурмат дар лойла вайна вайн гергарчеран дийна болуш а, беллачул тIаьхьа а.

Цхьаболчу дешначу наха божарша коьртахь хIума лелор тIечIагIдо. Ткъа динехь муха хьахийна ду и, йа вайн къоман гIиллакхашца доьзна ду божарша коьртахь хIума лелор?

ХIара тIаьххьара ткъех шо тIедаллалц коьртаIуьйра боьрша стаг гур вацара вайн нохчийн къомана йуккъехь. И вайн Iадатна тIера схьа дара, ШариIатехь голашкара цIонги тIе кхаччалц бен дац божарийн Iоврат. Делахь а, Далла хьалха коьртаIуьйра хIоттар а, тамехь доцчу духарца хоттар а оьзда дац. КоьртаIуьйра лелаш волу стаг тоьшаллина хIотто мегаш дац аьлла, хьахийна ду жайни тIехь а.

Шена Iаьрбийн мотт ца хаьа, шена хууш болчу маттахь бусалба динан хьокъехь йолу кинжкаш йоьшу ша, ткъа шен цIахь болчара а, накъосташа а, ма йеша и кинжкаш, ваххабитийн хIуманаш ду уьш, олу боху шега. Бусалба динехь долу хIума довзарна герга гIерташ доьшу ша, Дала бохучу некъа тIехь нисвала лууш йоьшу ша уьш. Цу хьокъехь хIун эр дара ахь?

Дала бохучу новкъа нисвойла и хаттар деш верг. Хаза хаттар ду. Со оьрсийн дешар дешна ву шортта, сайна оьрсийн мотт хаьа моьттуш а ву со. Ас цхьа аят далор шуна Къуръана тIера, Крачковскийс дина гочдар ду иза, цу тIехь аьлла ду: «Когда упадет падающая, не будет никого, кто возражает, что она упала». Ткъа шу муха кхийти оцу гочдарех? Охьакхеташ йолу хIума охьаккхетта йаьлча, иза охьакхетта йац олуш стаг хир вац боху шен гочдарехь Крачковскийс.

Къуръанан тафсирехь гочдина ма-хилара, довзуьйтур ду ас шуна хIинца: «И Къемат-де хIоьттича (догIур ду бохуш жайнашкахь пайхамараша, эвлайааша, Iелимнаха дийцина долу), и хIоттар харцдеш верг хир ма вац». Хьажал, хIинца цуьнан гочдар муха нисдели, Крачковскийс динарг а, Iаьрбичо динарг а, ас шуна вайн маттахь дIайийцина йерг а? Оццул генахь ду динехь нисваларехь. Хьо динехь нисвалийта, хьо динехь нисван гочдарш дац, сан ваша. Хьо динехь нисван дина делахьара, уьш шаьш хьалха динехь нисбелла хир бара. Цундела хIун лаха деза Iаьрбойн мотт ца хууш волчо динехь нисваларехь? Шена бевзина болчу Iеламнахах нисвелла, шен ийманехь нисвелла, шен динехь нийса лелаш верг муьлха ву а хьаьжна, цуьнца шен ирс оьцуш, цуьнца шен некъ беш, динех долу хIума цуьнга хатта а хоьттуш, кхиа веза-кх, кинжкаш Iадда а йитина. Хьовсал, Дела реза хиларш, 20-30 шарахь деша а доьшуш, къахьоьгуш ву со, хIокху Iилманна тIекхиа гIерташ, ткъа кхаа баттахь ваха а воьдий, цхьа кинжка а йоьший, «хIунехдина курс йаьккхина ас» олий дIахIутту



стаг, ша рабфак йаьккхича санна. Цунах Iелимстаг муха хуьлу-те? Суна тIе дукха ихна и санна берш, и тайпа хаттарш деш, «Корова» сури «цхьа хIуьнех динарг ма ду» олий, йазйой цхьа хIума йохьуш. Дала хьо дакъаза ма ваккхарг, Дала само йаларг, ладогIахьа цкъа соьга: хIара Къуръан дерриге а хууш хилча, тIаккха а хьо жоьпана мегар вац, хIара «фикъхIу» ахь ца Iамийча. ФикъхIу шариIатан закон ду, Къуръанан бух а болуш. Ткъа и «толковани» хьуна хууш ца хилча, жоьпаш дала ца мега. Масала: оцу Къуръано ламаз де аьлла вайга, амма цхьана а меттехь Къуръан чохь аят карор дац цунна делкъа ламазан диъ ракIат ду, Iуьйра ламазан шиъ ракIат ду, маьркIажан ламазехь кхоъ ракIат ду, аьлла.

Делан Элчано (Iалайхиссолат ва-ссалам) хьадисаш тIехь долчу фикъхIунца билгалдина аимматаша (имамана): хIара иштта дийр ду, иштта хьалатаьIар ву хьо, иштта охьатаьIар ву, ког иштта буьллур бу, хIара аят доьшур ду, бохуш. Ткъа Къуръано «ламаз дийр ду ахь» аьлла бен, кхин хIумма а дац. Иштта долчу хIумнашна тIехь само йан йеза. МаьIмаьIера и хIуманаш Iама а деш, со дин Iамош ву бохуш волу стаг галваьлла ву. Дала бакъон тIехь некъ лацар лойла хьуна.

Дала тIедехкина долу парзаш а, суннаташ а шен ницкъ кхочуьчу барамехь кхочушдан гIерта ша, ткъа цхьаболчара вирд доккхуш вац хьо, зукаре лелаш вац хьо, дакъазавер ву хьо, олу шега. Оцу хьокъехь хIун эр дара ахь?

Къаьсттана вайн къомехь и вирдаш бахьана долуш дуккха а цакхетарш ду. «Вирд» аьлча, йа цхьана устазана вирд доккхуш ву ша стага аьлча, хьекъалца тIе ца кхуьуш болчу нахана хетало, цунна сужудане воьдуш ву и бохург, цунах Дела вина бохург. И харцахьа доккху цара, иштта дац иза. АллахI цIе йолу Дела цхьаъ бен вац, хилла а вац, йа хир а вац, и эвлайааш баьхкина вайна йуккъе, Пайхамар (Iалайхи-ссолат ва-ссалам) вайна йукъара дIаваьлла, дейтта бIе шо сов зама йаьлла. Къемат-де даллалц кхин пайхамар вогIур вац вайна. Дуьне чекхдала гергадахча Iийса пахамар (Дела реза хуьлда цунна) вуссур ву бохуш дерг — и шеко йоцург ду, амма вайн пайхамаран дин тIехь вогIур ву иза, кхин дин дохьуш вогIур вац. «Фатрат-зама» олу пайхамарш боцуш йеаначу заманах. Дин кхайкхош пайхамар ца хилча, адам туьлуш хилла. ХIокху вайн пайхамаран заманчохь Дала шен Элчанца (Iалайхис-солат вас-салам) долчу доккхачу гергарлонца оцу Элчанан умматера Iеламнахах алийтина Элчане: «Сан умматера Iеламнах бану Исраилех болчу пайхамарех терра бу». ХIунда? И пайхамарш дин хьоьхуш бара, и Iеламнах дин хьоьхуш бу. Оцу Iеламнаха дин хьоьхуш ца хиллехь, дин дайна хир дара. Iеламнаха дин хьехаре терра, Деле боьдучу новкъахь адам нисдеш, эвлайааш баьхкина хилар а. Амма ца баьхкина керла дин дохьуш, ца баьхкина шайх деланаш беш. Уьш баьхкина и АллахI Дела цхьаъ хиларх адам тешо а, цунна тIедерзо а.

Воккха-Хьаьжас ша Дела вовзаре кхаьчна хIокху некъаца вахча, иштта дахча, Дела вовзаре кхочур ду шу аьлла, ша-шена марзо а кхетта, ша Дела вовзаре кхаьчна некъ бийцина. Иласхан-Йуьртарчу шайхо хIоку новкъа девлча, Дела вовзаре кхочур ду шу бохуш, ша Дела вовзаре кхачийна, И везаран марзо шен дагах кхетийна болу некъаш бийцира. Иштта оцу берриге а эвлайааша бийцина шайншайн некъаш. Муха бийцина? Бийцина оцу Къуръанан бухе а хьаьвсина, вирд тIе дилларца. Вирд бохург хIун ду? Аьлларг дар бохург ду. Оцу вирдаца хIун хьехна цара? Дала Къуръан чохь аьлла: «ХIай ийман диллина нах, Дела хьехавелаш, хьехаварехь дукха хьехавелаш». Вайн эвлайааш хIора ламазехь вайна тIе ма диллина бIозза, йа кхин сов а «ЛаилахIа иллАллахI» (Дела вац АллахI цIе йолу цхьаъ бен, Ша вайн Эла хила хьакъ волуш, вай Цуьнан лайш хила хакъ долуш) алар. Вайга и Дела цхьаъ ву бохуьйтуш бу-кх эвлайааш. Хьовсал шу, вирд даьккхича, керастаналла тIедогIу бохург ца кхеташ болчу наха дуьйцург ду. Ламазехь цкъа вирд даьккхича, и бIе зикр деш волчо пхи бIозза дийнахь-бусий Дела цхьаъ веш тоба до-кх. (Ткъа цхьаболчу эвлайааша и кхин а дукха тIедиллина ма-ду). Дуккха а де зукар аьлла Дала тIаккха. Цо зукарна чу а нисво иза, омра чу «УзкурулахI зикран касира» бохучу нисво иза, пхи бIозза аьлча, Дела вовзаре нисло иза.

«Фазкуруни азкурум» аьлла Дала: «Ша хьехавелаш цхьаъ варца, Ша шуна деллачу ниIматашна хастамбарца, Ша шу а хьехор ду ниIматех совдахарца. Цундела Деле вай ниIматехь совдахийта, Дела хьехавойту-кх вайга оцу эвлайааша, и ду-кх и вирд. Оцу эвлайааша, и муьлхха велахь а, Iовда хуьлийла, Иласхан-Йуьртара Хьаьжа хуьлийла, йа кхин хуьлийла вирд доккхуьйтуш, Iибадат дойту-кх шайн мурдашка. Массо а нахана гечдехьа, массо а бусалба стагана гечдехьа, массо а бусалба зудчунна гечдехьа, малхбаленийн, малхбузений йуккъехь болчу бусалба нахана гечдехьа бохуш Iаш долу вай, оцу меттехь вайн дин хьехош баьхкина болчу улмаашна доIа дийр дарий вай? Дара. Вай динехь нисдеш баьхкина эвлайаашна доIа дийр дарий вай? Дара. ХIунда? Оцу наха вай Деле боьдучу новкъахь нисдар бахьана долуш, Веза Дела, Айхьа диначу диканехь совваккхахьа аьлча, кхана догIур долчу Къематдийнахьорца-шапаIат хир дара вайна. Цундела вирд ца доккхуш верг дакъазавер ву бохург иза ца кхеташ болчу нехан къамел ду. Некъ хIун бу, и вирд хIунда ду хаар, цхьана устазаца нисвалар ду. Цхьана дас хьо кхиош вацахь, динехь нисвеш, хьо нисло бохуш, брошюраш а йоьшуш, дIагIерташ велахь, цара хьо тилаво бохург ду-кх. Дала нисдалар лойла вайна.

ЙоIа кIанте, кIанта йоIе а салам дала мегар дуй? Цхьаболчара куьг даларца цхьадолчу махкашкахь лелаш ду, цхьаболчу махкашкахь куьг ца луш «Ассаламу Iалайкум» олий, барта салам ло. Цуьнан бакъонаш йийцахьара боху.

Бусалба динехь вовшийн лерам бар салам даларца ду. Салам даларца, вовшийн лерам хиларца боьрша нах а, зударий а къастийна бац. Вовшашка салам далар суннат ду. ДIадалар суннат ду, схьаэцар важаб ду. Оццул деза долу и салам-маршалла даржадайша, аьлла Элчано (Iалайхис-солат вас-салам), иза даржадарца декъал хир ду шу. Салам-маршалла иштта лелла: стага зудчуьнга дала а, зудчо зудчуьнга дала а, зудчо стаге дала а мегар ду, динехь мегаш а ду. Цхьа хIума ду цу йуккъехь: вайн къам ламанца кхиъна, ламанца хилла дай болуш, ламанца доьзна дахар, Iадаташ долуш, шен билгалдина гIиллакхаш долуш кхиъна ду. Къоман оьздангалла йохош дац и дин, оцу къоман оьздангаллица вайн дайша зударшка салам луш ца деана гIиллакхаш, марвашас несе салам луш ца деана, несо марвешига салам луш ца деана гIиллакхаш, стага шен зудчуьнга салам луш ца деана гIиллакхаш, зудчо шен майрачуьнга салам луш ца деана гIиллакхаш. Дин дохош доцуш долу, динна дуьхьал доцуш долу къоман гIиллакхаш Iалашдар - шен къоман орамах цахадар ду. Вай нохчийн къомехь лелла дац иза, амма, тахана дуьненчуьра Iилма дерриге а дIадаьлча, и Iилма шайн Iилманан кIоргаллица Нохчийчохь йуха а дин даржадалла баккхий Iеламнах лаьттина вайн Нохчийчохь: Сухайп-молла, Эллах-молла, Эдамал-хьажи. Иштта дIа уьш багарбан йиш йолуш ву со. Церан Iилманаш девзина суна жайнашка хьежарца. Иштта хилла болу и Iеламнах вайна йуккъехь лаьттачу заманчохь, тахана суна а, со санна болчарна а гушдерг ца гуш хилла-те уьш, цара ма ца делла зударшка саламаш, церан зударша а ма ца делла майранашка саламаш, «Ассаламу Iалайкум» - соьгара маршалла ду хьоьга бохург ду, масала, соьгара маршо йу бохург ду. «Ва Iалайкум вас салам» – тхоьгара шуна а маршо бохург ду, лерам бу иза. Вайн къомехь ма-леллара и лелийча, дин талхош и ца хилча, динна дуьхьал и ца хилча, доцуш долу хIума къоман гIиллакхашна йукъа ийзадар оцу къоман орамех хадар хеташ ву со. Цундела ас ца ло тхайн зударшка саламмаршалла, сайн доьзалашка сайга а ца долуьйту, оцу вайн дайша сайна Iамийна долу, къоман оьздангаллехь долу гIиллакхаш Iамо гIерта со сайн доьзалашна, изза декхар ду аьлла хета суна хIоранна а хьалха. Со галваьлла хила а тарло, со галваларна Дала бехке ма войла. Ас дийциначунна реза ца хила тарло, Дала цунна ас йеш йолчу самонца санна, шен къомаца йолу марзо а, безам а дагах хьарчайойла.

Дарба до шаьш бохуш, бозбуанчаллаш лелош нах бу, оьрсаша «черная магия» олу цунах. Къемат-дийнахь цаьрга хIун барт хоттур бу боху?



Дела шайна оьгIазваханчул тIаьхьа бен и бозбуанчаллаш лелор дац наха. ХIунда аьлча, Дала Шен Къуръан чохь: «Декъал хир бац бозбуанчалла лелийнарш, хIуъа бахьана долуш цара и лелийнехь а» – цIеначу аятехь схьааьлла ду. Хьарам ду иза.

Дас шена тIера хьакъикъат дар цуьнан дена тIехь ду, шен берана тIера хьакъикъат дар цунна тIехь ду. Мегар ду.

Седа жайне хьажийтар къилахь дуй?

Седа жайна бохург, адамаша шайн хьекъалан иралашца йазйина хIуманаш йу. Кераста наха оцу седарчийн хIиттарца, «Весы» хилча, цхьаъ хуьлу, «Стрелец» хилча, важа хуьлу бохуш, пал тийсар ду иза. Пал тийсар Далла гергахь бехке ду. И бехке доллушехь адамаша схьаэцца иза. ХIунда? ШайтIано царна хаздина иза, царах теша а лаьа, цара хаза а дуьйцу. Пал тосуш цара дуккха а дийцича, цхьаъ нисло, цхьайта галдолу. ШайтIаноша стигала а довлий, маликийн къамелашка ладоьгIуш хилла, цаьргара цхьацца хIуманаш лоцуш хилла, йуха и схьалаьцнарг, дададой, адамашна йуккъе тосуш хилла. Ийман цIена доццчу наха иза схьа а оьций, бакъонца ду олий, даржош хилла, оцу йуккъехь дезткъе ткъаесна харцдерг а долуш, цхьаъ бакъдерг а долуш, лацалуш хилла цаьрга, оцу тIехь дина жайнаш хилла Сулейман-пайхамаран заманахь, уьш лаьттах дохкийтина. Иштта схьадогIуш пал тийсар ду иза, Далла гергахь маьрша а дац, цунах теша а, цуьнца некъбан а бакъо йац.


Малхбуза ламазан хан хиллачул тIаьхьа, малх чубузучу хенахь дегIе садаIийта охьавижа мегаш дац олу, оцу хенахь дIавижар бусалба динехь дихкина долуш йа доцуш, муха ду?

Малхбуза хан, вай Iалашдан Дала вайна тIехIиттийна долу дийнан маликаш буьйсанна тIедогIуш долчу маликашна рагI дIало хан йу аьлла ду. И хьал оцу хенахь долу дела, цу заманчохь вай Дела хьахош хилийтаран дуьхьа, иштта и тидамаш бина. Оцу хенахь дIавижча, дегIаца цамгар хир йу бохург, иза дагца цамгар хир йу бохург ду. Дела хьехорехь Попалла цамгар йу бохург ду, кхин шариIатехь бехкам болуш дац иза.

Кадыров
Хож-Ахьмад-Хьаьжа

ДЕНЬ УЧИТЕЛЯ – ЭТО ОСОБЫЙ ДЕНЬ, КОГДА МЫ ЧЕСТВУЕМ ЛЮДЕЙ, КОТОРЫЕ УЧАТ НАС В ШКОЛЕ

5 ОКТЯБРЯ В НАШЕЙ СТРАНЕ ОТМЕЧАЕТСЯ ДЕНЬ УЧИТЕЛЯ – ПРОФЕССИОНАЛЬНЫЙ ПРАЗДНИК, ИМЕЮЩИЙ ГЛУБОКИЕ ИСТОРИЧЕСКИЕ И КУЛЬТУРНЫЕ КОРНИ. ЭТОТ ДЕНЬ СИМВОЛИЗИРУЕТ ПРИЗНАНИЕ ЗНАЧИМОСТИ ПЕДАГОГИЧЕСКОЙ ДЕЯТЕЛЬНОСТИ, КОТОРАЯ ИГРАЕТ КЛЮЧЕВУЮ РОЛЬ В ФОРМИРОВАНИИ ИНТЕЛЛЕКТУАЛЬНОГО И ДУХОВНОГО ПОТЕНЦИАЛА НАЦИИ.



Высказывание Первого Президента Чеченской Республики, Героя России Ахмата-Хаджи Кадырова: «Учитель создает нацию», — является ярким свидетельством высокого статуса и значимости педагогической профессии. Учителя, обладая уникальными качествами терпения и трудолюбия, выполняют важнейшую социальную функцию, формируя будущее общества. Их труд заслуживает глубокого уважения и признания.

Ислам учит нас с уважением относиться к учителям. Имам Абу Ханифа говорил о высоком статусе учителей в обществе:

«Я никогда не позволял себе вытягивать ноги в сторону дома моего учителя, Хаммада ибну Аби Сулаймана, хотя наши дома были разделены семью кварталами».

Макка Халидова

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

БЕСПЛАТНОЕ ТАКСИ В СВЯЩЕННОМ МЕСЯЦЕ РАМАДАН

ВОЛОНТЁРСКИЙ ШТАБ «ИМРАН» – ЭТО НЕКОММЕРЧЕСКАЯ ИНИЦИАТИВА В ЧЕЧЕНСКОЙ РЕСПУБЛИКЕ, КОТОРАЯ ОРГАНИЗУЕТ БЕСПЛАТНЫЕ ПОЕЗДКИ НА ТАКСИ ДЛЯ НУЖДАЮЩИХСЯ В ПЕРИОД СВЯЩЕННОГО МЕСЯЦА РАМАДАН

Акция впервые стартовала в 2019 году. Её инициатором является помощник председателя Общественной палаты ЧР и сотрудник Государственного управления по кинематографии Министерства культуры ЧР Мовсар Ибрагимов.

В первый день он развозил людей один, но после объявления о старте проекта на следующий день к нему присоединились пять водителей.

Название «Имран» движение получило позже – в честь одного из первых участников, оператора ТРК «Путь» Имрана Абазаева, который скончался из-за болезни.

Волонтёры на безвозмездной основе предоставляют автомобили для поездок. В основном помощь направлена на малоимущих граждан, людей без личного транспорта и лиц с инвалидностью. Однако запросы о помощи принимаются от всех без исключения.

Водители подбирают пассажиров с городских остановок – пенсионеров, студентов, женщин с детьми. Машина подаётся в течение 15 минут в любую точку города.

От водителей требуется наличие личного автомобиля и водительский стаж не менее трёх лет.

Организаторы отмечают, что иногда поступают звонки ради шутки или чтобы проехать одну-две остановки. Это создаёт дополнительную нагрузку на систему, так как такие вызовы могут отвлекать водителей от обработки реальных заявок.



Мовсар Ибрагимов подчёркивает, что волонтёры не должны судить о благосостоянии человека по внешнему виду – помощь оказывается из чистых побуждений.

Отдельного сборника отзывов у штаба «Имран» нет. Это не коммерческий сервис, и оценки он нигде не публикует. Всё, что известно о реакции людей, разбросано по публикациям СМИ и соцсетям.

По словам Мовсара Ибрагимова, число желающих делать доброе дело растёт с каждым годом. Среди волонтёров общественники, госслужащие, сотрудники частных компаний.

С точки зрения Ислама такая инициатива – это очень ценное проявление веры на практике. Я бы сказал так: это не просто добрая воля, а реализация важных исламских принципов. В Исламе садака – это не только деньги. Это любое доброе дело, совершённое ради Аллаха: помочь словом, делом, заботой. Волонтёры «Имрана» отдают своё время, силы и ресурс (автомобиль) безвозмездно – это и есть садака. Пророк Мухаммад (да благословит его Аллах и приветствует) говорил, что даже улыбка – это садака. Так что перевозка людей – полноценный акт милосердия.

Ислам подчёркивает важность помощи тем, кто рядом, кто в трудной ситуации. Цель проекта «Имран» прямо перекликается с исламским призывом – не оставаться равнодушным к нуждам других.

Есть даже известный хадис: «Не уверовал в меня тот, кто заснул сытым, зная о том, что рядом с ним находится голодный сосед» (аль-Бухари).

Когда люди объединяются, чтобы решить конкретную социальную задачу, это укрепляет связи внутри сообщества. Волонтёрство в Исламе рассматривается как способ служить обществу и проявлять братство.

Часто такие акции запускают именно в Священный месяц. В Рамадан верующие уделяют особое внимание благотворительности и добрым делам, потому что награда за них в это время считается особенно высокой. Инициатор проекта Мовсар Ибрагимов запускал «Имран» как раз в Рамадан, чтобы помочь людям в этот период.

КЛЮЧЕВОЙ МОМЕНТ: ВАЖНО, ЧТОБЫ МОТИВ БЫЛ ЧИСТЫМ – ЖЕЛАНИЕ ПОМОЧЬ РАДИ АЛЛАХА, А НЕ РАДИ СЛАВЫ ИЛИ ДРУГОЙ ВЫГОДЫ. ЕСЛИ ЧЕЛОВЕК ДЕЛАЕТ ДОБРО ИСКРЕННЕ, ЭТО СИЛЬНО ПОВЫШАЕТ ЦЕННОСТЬ ПОСТУПКА.

ТАК ЧТО «ИМРАН» – ОТЛИЧНЫЙ ПРИМЕР ТОГО, КАК ИСЛАМСКИЕ ЦЕННОСТИ ПРЕВРАЩАЮТСЯ В КОНКРЕТНЫЕ ДЕЛА, МЕНЯЮЩИЕ ЖИЗНЬ ЛЮДЕЙ К ЛУЧШЕМУ.

Султан АТАБАЕВ
Фото автора

НАШИ ГЕРОИ

ГОЛТАКОВ ШАРАНИ (1951 – 2000)



Майор милиции, заместитель командира, начальник штаба ОМОН Шарани Голтаков родился в 1951 году в Карагандинской области Казахской ССР.

В 1957 году многодетная семья Голтаковых вернулась на малую родину – в село Гвардейское Надтеречного района.

После окончания средней школы Шарани отправился служить в армию. За отличную службе был направлен на работу в правоохранительные органы родной республики.

На службе получил направление на продолжение учебы в Астраханскую школу милиции. Шарани активно занимался спортом, выступал в различных соревнованиях по вольной борьбе.

В 1975 году женился, в браке стал отцом троих детей. Двое его сыновей в настоящее время также работают в правоохранительных органах.

Шарани проработал в органах 28 лет. За эти годы он сумел завоевать всеобщее уважение и доверие, зарекомендовать себя как мужественный, профессиональный и самоотверженный офицер, который с честью и достоинством исполнял свой служебный долг.

Шарани участвовал не только в планировании специальных операций против преступников, но и при их проведении.

